

Uji Kompetensi Wulangan 6

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi cara milih jawaban kang wis sumadya kang paling bener!

1. Tembang macapat uga diarani
 - a. tembang cilik
 - b. tembang tengahan
 - c. tembang gedhe
 - d. tembang dolanan
2. Tembang macapat iku kaiket ing paugeran
 - a. guru gatra, guru basa, guru lagu
 - b. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
 - c. guru swara, guru basa, guru sastra
 - d. guru swara, guru lagu, guru wilangan
3. Tembang macapat iku ana
 - a. 8
 - b. 9
 - c. 10
 - d. 11
4. Cacahe gatra ing saben sapada tembang diarani....
 - a. guru gatra
 - b. guru wilangan
 - c. guru lagu
 - d. guru swara
5. Tembang Pucung iku kadadéyan saka ... gatra.
 - a. 4
 - b. 6
 - c. 8
 - d. 10
6. Isine tembang Pucung iku lumrahe
 - a. pitutur
 - b. asmara
 - c. prihatin
 - d. nesu banget
7. Supaya bisa nembang macapat, kudu bisa maca angka-angka sing ana ing sadhuwure teks tembang. Angka-angka mau diarani....
 - a. cakepan
 - b. tangga nada
 - c. titi laras
 - d. notasi

8. Titi laras pelog lan slendro iku bedane ing angka....
 - a. 4 lan 6
 - b. 5 lan 6
 - c. 5 lan 7
 - d. 4 lan 7
9. Arane tembang macapat iku nggambarake manungsa wiwit lair nganti mati. Laire manungsa digambarake nganggo aran tembang....
 - a. Pucung
 - b. Sinom
 - c. Mijil
 - d. Kinanthi
10. Supaya bisa nulis/ ngarang tembang macapat, kudu mangerteni paugeran ing ngisor iki, *kajaba*
 - a. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
 - b. sasmitane tembang
 - c. watake tembang
 - d. swasana batine pengarang

II. Wacanen tembang macapat ngisor iki, banjur wangsulana pitakonane!

.....

Urip ing ndonya tan lami,
 aja dhemen numpuk bandha,
 elinga tembe mburine,
 lamun mati tan ginawa,
 namung amal jariah,
 mula senenga tetulung,
 marang sapadhane gesang.

1. Tembang macapat ing dhuwur, golekana guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune !
2. Sawise koktemokake paugerane, tulisen arane tembange!
3. Critakna isine tembang ing dhuwur !
4. Pesan moral apa sing bisa kojupuk saka tembang ing dhuwur?